

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Tradisi diajar di pasantrén salafiyah (tradisional) anu ngajadikeun kitab konéng référénsi utama dina pangajaran sarta rupa-rupa métode pangajaran anu digunakeun dina narjamahkeun kitab konéng anu ngadorong pikeun nalaah cara narjamahkeun kitab konéng. Tina éta kajian dipiharep bisa meunangkeun déskripsi-déskripsi kaédah narjamahkeun kitab koneng dumasar kaédah anu lumaku nya éta dumasar adegan nahwu jeung shorof; déskripsi rupa-rupa métode anu dipaké dina narjamahkeun kitab konéng di pasantrén; jeung kamampuh para santri narjamahkeun kitab konéng kana basa Sunda sacara kompréhensif.

Para santri masih loba nu teu mampuh narjamahkeun kitab konéng di pasantrén salafiyah. Ieu hal aya sababna di antarana santri teu bisa nerapkeun kaédah-kaédah ilmu nahwu jeung shorof kalayan bener jeung teu ngawasa siyaqul kalam (galur kalimah) anu gunana pikeun mikanyaho galur domirna.

Métode nu digunakeun dina narjamahkeun kitab konéng nya éta métode sorogan jeung bandongan/balagan. Dua métode kasebut digunakeun téh biasana gumulung dina kagiatan pangajaran kitab konéng di pasantrén salafiyah. Tangtuna lian ti métode sorogan jeung bandongan/balagan aya nu leuwih efisien jeung efektif pikeun narjamahkeun kitab konéng. Ustad-usatad di pasantrén aya kénéh nu can maham kana métode nu leuwih punjul pikeun narjamahkeun kitab konéng dumasar tingkatan kelas jeung kamampuh santri.

Aya sababaraha métode dina diajar narjamahkeun kitab konéng di pasantrén, tapi nu jadi ciri has pasantrén nya éta sorogan jeung bandongan nu dianggap ku sawaréh pakar pendidikan mah statis. Sanajan dianggap statis justru métode ieu masih narima inovasi. Tapi aya sababaraha pakar nu nganggap métode ieu kaasup métode modern hususna métode sorogan. Métode sorogan merlukeun kematangan pangaweruh, panitén jeung pangalaman santri. Ieu hal jadi masalah

nu matak ngirut pikeun ditalungtik sacara ilmiah. Sahingga métode narjamahkeun kitab konéng di pasantrén tradisional lain sawangan wungkul.

Hal séjénna nu matak ngirut nya éta aksara Arab pégon nu digunakeun dina narjamahkeun kitab konéng. Arab pégon masih digunakeun ku pasantrén tradisional utamana nu masih kénéh kuat kultur masarakatna, nepi ka ayeuna masih tetep dipertahankeun. Sabab masih réa ustad-usatad di pasantrén anu boga pamadegan yén ngagunakeun Arab pégon bisa ngahontal hasil diajar narjamahkeun jeung ngama'naan kitab konéng. Tapi para santri réa nu teu paham kana kaédah nulis Arab pégon, antukna hasil narjamahkeun nu ngagunakeun Arab pégon teu bisa dibaca jeung kaharti ku batur.

Dumasar kana wincikan di luhur, masalah kamampuh narjamahkeun kitab konéng para santri kana basa Sunda sacara kompréhensif, métode nu dipake dina narjamahkeun kitab konéng di pasantrén, kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng, jeung kaédah nulis Arab pégon supaya bisa dibaca sarta kaharti ku batur jadi hal nu kacida pentingna pikeun ditalungtik. Sabab lamun santri teu mampuh narjamahkeun kitab konéng tangtuna bakal salah ngama'naan kitab nu sumberna tina Al-qur'an, hadist, ijma, jeung qiyas. Métode narjamahkeun kitab konéng nu kurang rélevan jeung tingkatan umur sarta kamampuh santri ngabaluarkeun proses diajar kurang efektif jeung efisien. Santri teu paham kana kaédah nulis Arab pégon bisa ngabaluarkeun hasil tarjamahanan teu kaharti nalika dibaca deui boh ku sorangan boh ku batur.

Métode narjamahkeun kitab konéng geus ilahar disebut ngalogat. Ngalogat maké basa Sunda dina tulisan Arab pégon pikeun narjamahkeun kitab konéng minangka sistim anu diterapkeun di pasantrén mangrupa salah sahiji simbol asup jeung campurna budaya Sunda pikeun leuwih mahaman eusi kitab konéng anu dijerna ngagunakeun basa Arab. Salian proses akulturasi budaya Arab-Sunda, nyatana ngalogat ngagunakeun basa Sunda dumasar tata tarjamah basa Jawa. Sabab dina praktékna, masih réa pasantrén nu ngalogat ngagunakeun basa Jawa.

Basa Jawa dianggap leuwih bisa ngartikeun kecap per kecap basa Arab dibanding basa séjénna.

Panalungtikan nu nyabit-nyabit ngeunaan métode narjamahkeun kitab konéng nu bisa kapanggih diantarana ieu dihandap.

- 1) *Tradisi Pesantren: Studi tentang Pandangan Hidup Kyai* (1984) hasil panalungtikan Zamakhsari Dhofier anu medar ngeunaan élémén-élémén pasantrén nya éta pondok, masjid, pangajaran kitab-kitab klasik, santri, jeung Kyai. Objék panalungtikan di pasantrén Tebu Ireng Jombang jeung pasantrén Tegalsari Salatiga Jawa Tengah.
- 2) *Ideologi Pendidikan Pesantrén* (2007) hasil panalungtikan Ahmad Muthohar anu medar sistem pendidikan pasantrén, ideologi-ideologi pendidikan ti konservatif nepi ka liberal, Posisi sistem pendidikan pasantrén dina ideologi pendidikan kontémporer, jeung modérnisasi sistem pendidikan pasantrén.
- 3) *Potrét Dunia Pesantrén* (2006) hasil Panalungtikan Mahpuddin Noor anu medar ngeunaan éksisténsi pasantrén, kamekaran pasantrén, problématika internal pasantrén, kontribusi pasantrén pikeun masarakat, jeung *Pencerahan baru* Pasantrén.

Dumasar panalungtikan-panalungtikan anu kapanggih diluhur manahoréng anu husus nalungtik ngeunaan métode narjamahkeun kitab konéng can kapanggih. Hal séjénna, dina rupa-rupa panalungtikan ngeunaan métode pangajaran kitab konéng di pasantrén salafiyah/tradisional umumna ngagunakeun dua métode nya éta sorogan jeung bandongan atawa balagan. Sedengkeun dina ieu panalungtikan ditambahan ku métode tarkiban jeung tahfid/talaran. Ku sabab ieu masalah jarang ditalungtik. Ku kituna, perlu ditalungtik ngeunaan métode narjamahkeun kitab konéng.

Pikeun ngungkulan masalah di luhur, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngadéskripsi keun kamampuh narjamahkeun kitab konéng para santri kana basa Sunda sacara kompréhensif; ngadéskripsikeun rupa-rupa métode nu dipake dina narjamahkeun kitab konéng di pasantrén; jeung ngadéskripsikeun kaédah nulis Arab pégon supaya bisa dibaca sarta kaharti ku batur.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, pikeun mekarkeun kailmuan nu nalungtik ngeunaan masalah métode narjamahkeun kitab konéng maké Arab pégon di pasantrén tradisional dilaksanakeun panalungtikan dina wangun tésis. Nu boga harepan bisa mére pamahaman ngeunaan métode narjamahkeun kitab konéng sacara ilmiah. Patali jeung samporétna waktu, élmu, biaya, katut tanaga nu nalungtik, ieu tésis sangaja ngawatesan masalah anu ditalungtik kana masalah métode narjamahkeun kitab konéng anu ngagunakeun Arab pégon.

Dina ieu kasempatan dilaksanakeun studi kasus di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur. Alasan milih tempat sabab ieu pasantrén jadi salasahiji tujuan utama para santri di Jawa Barat pikeun diajar narjamahkeun kitab konéng. Hal nu leuwih penting sabab éta pasantrén konsistén ngagunakeun rupa-rupa métode dina pangajaran narjamahkeun kitab konéng.

## 1.2 Watesan Masalah

Numutkeun Irfawaldi (2012), pasantrén mangrupa jenis pendidikan Islam di Indonesia nu sifatna tradisional pikeun neuleuman élmu agama Islam sarta ngamalkeunana pikeun pedoman hirup sapopoé. Pasantrén kabagi jadi dua, nya éta pasantrén salafiyah jeung halafiyah. Pasantrén salafiyah mangrupa pasantrén nu ngajarkeun kitab-kitab konéng atawa kitab-kitab klasik tanpa ngajarkeun pangaweruh nu umum. Ajaran-ajaran nu aya dina kitab konéng mangrupa pedoman hirup jeung kahirupan nu sah jeung rélevan. Sah hartina ajaranna dipercaya nyoko kana kitab Allah (Al-Qur'an) jeung sunnah Rosululloh (Al-hadis); rélevan hartina éta ajaran masih tetep cocog jeung mangfaat ayeuna atawa engké. Ku kituna, pangajaran kitab klasik mangrupa hal utama di pasantrén pikeun nyitak santri nu ngawasa pangaweruh ngeunaan kaislaman malah diharepkeun bisa jadi kiyai. Numutkeun Muthohar (2007, kaca 26) sacara métodik aya sababaraha métode nu dipaké dina narjamahkeun kitab konéng di pasantrén di antarana métode sorogan, bandongan/balagan, jeung halaqoh. Sorogan hartina diajar sacara individual dimana santri nyanghareupan guruna pikeun diajar hiji

materi pelajaran, nepi ka aya interaksi langsung jeung saling mikawanoh antara santri jeung guruna. Bandongan nya éta model pangajian nu dilakukeun saperti kuliah terbuka nu dihadiran ku kelompok santri sajumlah 100-500 jalma atawa leuwih. Halaqoh nya éta model pangajian nu umumna dilakukeun ku cara ngariung ngurilingan guruna. Sedengkeun metodé sejenna anu biasa digunakeun nya éta talaran jeung tarkiban. Talaran mangrupa model pangajian ku cara nalar kekecapan nu diucapkeun ku guruna. Tarkiban mangrupa métode pangajaran kombinasi tina métode diskusi jeung debat.

Pasantrén halafiyah mangrupa pasantrén nu nekenkeun pendidikan sistem formal jeung basa Arab Modérn. Pasantrén modern miboga rupa-rupa konotasi. Teu aya définisi jeung kritéria nu pasti pikeun nyumponan atawa pantes disebut pasantrén modérn. Tapi aya sababaraha unsur nu jadi ciri has pasantrén modern di antarana: 1) nekenkeun kana basa Arab paguneman, 2) ngagunakeun buku-buku literatur basa Arab kontémporer, 3) miboga sakola formal kurikulum Diknas atawa Kemenag, 4) teu ngagunakeun sistem pangajaran tradisional saperti métode sorogan jeung bandongan.

Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur mangrupa pasantrén salafiyah anu ngajarkeun kitab konéng ngagunakeun métode sorogan, bandongan/balagan, halaqoh, tarkiban jeung talaran. Pesantren Miftahulhuda Al-Musri Cianjur ngagunakeun sistem pendidikan semi formal nu miboga tingkatan jeung dikurung ku kurikulum sarta silabus nu dijieun ku pengelola pasantrén.

Dumasar kana éta hal, sangkan museur kana masalah nu ditalungtik, puguh galurna, jeung babari nganalisisna, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan ku métode narjamahkeun kitab konéng di pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur.

### **1.3 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah jeung watesan masalah anu geus ditétélakeun di luhur, aya sawatara masalah nu bisa dirumuskeun dina ieu

panalungtikan. Éta rumusan masalah téh ditepikeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kaédah narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur?
- b. Métode naon waé nu dipaké dina narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur?
- c. Kumaha kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur?

#### **1.4 Tujuan Panalungtikan**

Sangkan leuwih spésipik, tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun hal ieu di handap.

- a. Kaédah narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur.
- b. Métode nu digunakeun dina narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur.
- c. Kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur.

#### **1.5 Mangfaat Panalungtikan**

##### **a. Mangfaat Tioritis**

- 1) Sacara tioritis ieu panalungtikan pikeun mekarkeun konsép atawa tiori-tiori ngeunaan métode narjamahkeun kitab konéng ngagunakeun Arab pégon jeung hasil panalungtikan minangka panyumbang panulis pikeun dunya atikan ngeunaan métode narjamahkeun kitab konéng ngagunakeun Arab pégon.
- 2) miboga harepan jadi acuan tiori pikeun studi-studi panalungtikan saterusna dina ngayakeun panalungtikan nu leuwih jero dina widang anu sarua.

## **b. Manfaat Praktis**

- 1) Pikeun pasantrén, hasil panalungtikan miboga harepan méré manfaat dina milih métode narjamahkeun kitab konéng nu leuwih éféktif nepi ka pamahaman sarta ngama'naan kitab konéng leuwih gancang hususna di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur.
- 2) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan miboga harepan nambah pangalaman ngeunaan métode narjamahkeun kitab konéng.
- 3) Pikeun masarakat umum, hasil panalungtikan miboga harepan bisa nambah pangaweruh jeung informasi pikeun sakabéh pihak nu miboga kapentingan kana masalah nu ditalungtik.

